

Reyinyon Anyèl Tit I

Yon prezantasyon an Kolaborasyon
avèk Pwogram Depatman Federal ak
Leta ak Lekòl Title I yo



Objektif Reyinyon an



- Lwa pou Chak Elèv Reyisi a (Yon lwa federal) mande lekòl Tit I yo pou fè yon Reyinyon Anyèl pou eksplike epi diskite pwogram Tit I lekòl yo, dwa paran, ak lòt obligasyon lekòl yo.



- Yo ankouraje fanmi yo pou poze kesyon epi bay sijesyon pou amelyore pwogram Tit I lekòl yo.

Kisa Tit I an ye?

Tit I an fè pati yon lwa federal ki bay lekòl li seleksyone yo lajan pou:

- ede satisfè bezwen ak objektif edikatif elèv,
- ofri estaf yo fòmasyon pwofesyonèl, epi
- Sipòte asosyasyon ant lekòl ak paran.



Kijan yon lekòl kapab vin Tit I?



- Kondisyon Elijiblite pou Ane Akademik 2023-2024
 - Distri a analize done sou revni yo (Repas gratis ak pri redui (FRPL), Sètifikasyon Dirèk (Direct Certification))
 - Distri a fikse kondisyon kalifikasyon yo dapre lwa federal ak lwa Eta a:
 - 70% pou primè, mwayen ak lekòl yo konbine
 - 67% pou lekòl segondè



Sa sa vle Di pou Lekòl nou an?

- Plis fon pou sipòte elèv, pwofesè ak fanmi!
 - Fon sa yo depase lontan sa Distri a ofri.
 - Fon yo konsantre sou ansèyman elèv, devlopman pwofesyonèl pou pwofesè nou yo, ak aktivite pou ranfòse asosyasyon nou ak fanmi yo.




Kisa sa vle Di pou Lekòl nou an?

- Dwa pou Paran ak Fanmi yo enfòmè ak patisipe nan
 - Reyinyon Anyèl Tit I
 - Komite pou pran Desizyon (Reyinyon pou Pati Enterese yo fè kòmantè)
 - Dwa pou paran patisipe
 - Plan Angajman pou Paran ak Fanmi*
 - Kontra ant Lekòl - Paran*
 - Avi sou Dwa pou paran Konnen (*Right-to-Know*)*
 - Sondaj



Pwogram Tit I nan Tout Lekòl la

- Tout elèv benefisyè
- Tout pwofesè benefisyè
- Tout fanmi benefisyè



Kòman nou Devlope Plan Daksyon Lekòl nou an (SWP)?



WIG- Objektif Ektrèmman Enpòtan

Rive me 2025, 65% elèv nou yo ap demontre yon gen daprantisaj nan Lekti & nan Mat, jan kontwòl Pwogrè Fendane Mezire li (PM3).

Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

Enonse Bezwen Pryorite yo	Koz Fondamantal	Solisyon Posib yo
<ul style="list-style-type: none"> • Daprè FAST PM2, 28% elèv 3yèm-5yèm ane nou yo a nivo oswa depase nivo Lekti nan klas yo. • Daprè FAST PM2, 12% elèv 3yèm-5yèm ane nou yo a nivo oswa depase nivo matematik nan klas yo. • Daprè STAR Early Literacy PM2, 33% elèv K-1 nou yo a nivo nan Lekti nan klas yo. • Daprè STAR Reading, 44% elèv 2yèm ane nou yo a nivo. • Daprè STAR Math PM2, 54% elèv K-2 nou yo a nivo nan matematik. • Daprè Evalyasyon Dyagnostik Syans Ivè, 24% elèv 5yèm ane nou yo te a nivo oswa depase nivo. 	<ul style="list-style-type: none"> •Nouvo kourikoulòm referans lan estrikture pou yon fokis sou enstriksyon an gwoup antye ki enpakte kantite tan ki atribiyè ak enstriksyon an ti gwoup. •Elèv yo ki pèfòme anba oswa seryezman anba nivo klas yo resevwa plizyè ti gwoup leson chak jou. •Elèv yo ki pèfòme a nivo oswa pi wo ke nivo, yo rete nan pòsyon lekli 90 minit lan. •Yo te entwodui nouvo estanda B.E.S.T yo ane sa a ak pwofesè 3yèm-5yèm ane yo. •Elèv yo ap eseye fè plis matematik mantal olye yo sèvi ak papye bwouyon. •Elèv yo pa fi n konnen Tab Aritmetik de baz yo •Elèv 5yèm ane yo manke Konpetans nan Estanda Syans, ke yo te ansenye yo depi K-4, ke yo finalman teste nan fen ane evalyasyon NGSSS la. •Kontni Vokabilè Akademik Elèv yo limite 	<ul style="list-style-type: none"> •Sipò Kourikoulòm nan: <ul style="list-style-type: none"> * JJ Bootcamp * TopScore * iReady Toolkit * Reflex Math * SPIRE * LLI •Leson •Pèsonèl: <ul style="list-style-type: none"> • Pwofesè Resous STEM (2-5 Enstriksyon Pratik) <ul style="list-style-type: none"> * SSCC (Antrenman, PD, Kowòdone divès Inisyativ Dalfabetizasyon) *Pwofesè SAI Adisyonèl (Enstriksyon Lekti an ti gwoup K-5) •Devlopman Pwofesyonèl •Ranfòsman Patisipasyon Paran <ul style="list-style-type: none"> *Seminè Fòmasyon Paran *Anwolman Jadendanfan •Materyèl Edikatif: <ul style="list-style-type: none"> *Papye Bwouyon *Papye Grafik *Kat Memo *Kat Konvèsasyon *Makè *Jounal *Papye *SPIRE/Rekiperasyon nan Lekti/Meyè Eskò/



Pwen Santral Tit 1

Poun atenn rezilta nou prevwa yo, n ap itilize fon Tit I ane sa a pou sa ki anba yo:

- Pèsonèl
- SSCC- founi antrenman lekti pou pwofesè K-5, tout inisyativ lekti, aji antan ke responsab angajman paran
- Pwofesè Sipò/STEM Math- Founi enstriksyon dirèk ak elèv ki bezwen sipò adisyonèl, asenisman, ak entèvansyon pou elèv K-2.
- Leson aprè lekòl
- Teknoloji/Founiti- Reflex, Bwat Zouti i-Ready, Magazin Klas yo



Pwen Santral Tit I

Poun satisfè rezilta nou prevwa yo, n ap itilize fon Tit I ane sa a pou sa ki anba yo:

- Patisipasyon Paran-Fanmi
- Seminè Fòmasyon Paran-Fanmi.

- Devlopman Pwofesyonèl
- Estaf la ak administrasyon an patise nan Devlopman Pwofesyonèl ki vize meyè pratik pou akademik, klima ak Kilti, ak ogmante akonplisman elèv la.



Angajman Fanmi ak Paran

Rechèch montre lè paran ak manm fanmi angaje nan edikasyon, li pi fasil pou elèv yo:

- fè pi bon nòt
- bay pi bon rannman nan tès
- prezan lekòl
- adapte ak chanjman
- gen pi bon aptitud sosyal
- pase pou lòt klas
- gradye
- kontinye edikasyon yo apre lekòl segondè



Plan Angajman Paran & Fanmi

- Abreje PFEP
- Dekri kòman nou enplike fanmi yo nan edikasyon elèv yo
- Redije avèk kontribisyon fanmi ak estaf lekòl nou an pandan reyinyon pou jwenn opinyon moun ki enterese yo
- Pataje lè gen reyinyon SAC ak revize si sa nesesè
- Afiche sou Sit entèt Lekòl la.



Plan Angajman Paran & Fanmi

Lekòl Lantana Elementary ap efòse l pou ankouraje paran/responsab yo patisipe aktivman nan edikasyon pitit yo defason kontinyèl. Nou efòse nou pou nou bay enfòmasyon lekòl ki konsistan ak enpòtan, fòmasyon akademik ak kiltirèlman adapte pou paran ak asistans pa mwayen fòmasyon fanmi/paran, aktivite, ak sèvis referans.



Seminè Fòmasyon pou Paran

Annakò avèk Plan Angajman Paran ak Fanmi, nou ta renmen envite w vin patisipe nan fòmasyon nan dat ki anba yo:

- 26 Out- Angaje Fanmi yo ak sistèm Kay la
- 28 Oktòb- Lakay avèk Syans
- - 27 Janvyè- Mat Estrateji pou Lakay



Kontra ant Paran ak Lekòl la

- Chak lekòl Tit I dwe genyen yon Kontra ant Paran ak Lekòl la, men se paran, manm fanmi ak pèsonèl lekòl la ki pou redije l.
- Kontra ant Paran ak Lekòl la defini responsablite elèv, paran, manm fanmi ak estaf lekòl la nan fè efò pou ogmante rannman elèv la.



Kontra ant Paran ak Lekòl la

- **Pwofesè yo dakò:**

- Pou prepare leson de kalite ki reponn ak Estanda Florid a rigè ak kompleksite apwoprye ki souliye atravè Estanda yo
- Pou kreye yon klima nan klas la ki favorize aprantisaj pandan ke y ap suiv plan konpòtman pozitif eskolè a (ROARS)
- Pou kondui Sware Kourikoulòm pou paran Pre K – 5e ane pou pataje kourikoulòm nan, evalyasyon yo, pwosedi klas yo ak atant yo.
- Pou founi paran yo opòtinite kontinyèl pou yo reyini ak pataje eksperyans ak desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit yo.
- Pataje ak entèprete kourikoulòm nan, evalyasyon yo, ak rezilta pèfòmans yo an relasyon ak nivo elèv la ak atant fen dane yo.
- Ranfòse koneksyon lekòl lakay ak itilizasyon ajanda elèv la pou enfòmasyon.



- **Paran yo dakò:**


- Pou vin nan antrenman paran yo ak/oswa aktivite lekòl yo.
- Pou vizite sit entènèt lekòl la, gade enfòmasyon enpòtan Tit 1, ak rete enfòmè sou nouvel lekòl la.
- Siveye konpleksyon devwa klas yo ak devwa lakay yo
- Ranfòse koneksyon lekòl lakay ak itilizasyon ajanda elèv la pou enfòmasyon
- Pou fè pitit yo vin lekòl chak jou a lè, abiye ak inifòm, ak prepare pou aprann.
- Pou y asire yo ke pitit yo suiv plan konpòtman pozitif eskolè a (ROARS)
- Pou y asire yo ke pitit yo byen idomi ak byen dejenè lakay yo/oswa lekòl la.



Dwa Paran pou Konnen

Fanmi yo gen dwa pou poze kesyon:


- Sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit yo;
ak
- si yon moun ki pa pwofesè ap anseye pitit yo, nan ka sa a,
kalifikasyon pwofesyonèl li.



Dwa Paran pou Konnen

Yo dwe enfòmè fanmi yo:

- si yon pwofesè gen kat semèn oswa plis l ap anseye pitit yo san li pa satisfè kondisyon pou l anseye nivo klas oswa matyè l ap anseye a; ak
- kòman pitit yo pèfòmè nan egzamen leta tankou FSA, EOCs, ak SSA.



Pwogram Edikasyon Migran (MEP)

Bi Pwogram Edikasyon Migran an se pou ede tout elèv migran yo rive leve tout defi yo ka rankontre nan aktivite akademik yo, yon fason pou yo kapab gradye avek yon diplòm segondè (oswa pase pwogram GED) kap ede yo gen bon jan edikasyon kap prepare yo vin yon sitwayen responsab, gide yo nan sa yo pral aprann, ak rive fè siksè nan travay yo.



Pwogram Edikasyon Migran



Asire bezwen elèv migran yo satisfè e pou ede yo simonte:

- entèripsyon nan lekòl
- baryè kiltirèl ak lang
- izole tèt ou yon kote apa
- Manke resous sante
- tranzisyon pou kolèj osinon al travay apre lekòl segondè

Pou amelyore opòtinite edikasyonèl elèv migran yo nan ede yo:

- Sèvis akademik/sosyal siplemantè pou elèv yo ak fanmi yo
- Tranzisyon nan nouvo lekòl (yo)
- satisfè kontni akademik eta/distri ki difisil yo
- gradye nan lekòl segondè

Premye etap se jwenn tout elèv migran yo

- Entèvyou yo fèt an pèsòn pa yon Rekritè MEP ki resevwa fòmasyon pou itilize kondisyon kalifikasyon Federal ak Eta
- Enfòmasyon pou Kontakte Pwogram nan:
Jorge Echegaray
Manadjè, Migrant Education Program
Depatman Edikasyon Miltikiltirèl
Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org
(561) 202-0356



Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri Tout Elèv Genyen Dwa pou Jwenn Edikasyon

Ekip *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)* kapab ede fanmi k ap viv:

- nan yonabri, motèl, machin, oswa sou teren kanpman;
- nan la ri;
- nan kay abandone oswa kay ki delabre;
- nan motèl/otèl; oswa
- abite tanporèman ak fanmi oswa zanmi akoz yon difikilte



Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

Tout lekòl genyen yon Moun ki se Kontak *McKinney -Vento & Jesyonè Ka nan McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)*, k ap travay avèk fanmi pou:

- bay lekòl founiti klasik, inifòm, sèvis adisyonèl ak manje gratis nan lekòl;
- òganize transpò pou ale lekòl kote yo soti a epi retounen lakay;
- jwenn sipò ak resous kominotè;
- deside ki lekòl ki ta pi bon pou timoun nan;
- kominike avèk lekòl la;
- ak plis toujou.



Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri Enfòmasyon pou Kontakte MVP

Kontakte pwogram *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)* oswa w ta renmen ranpli yon Kesyonè sou Lojman pou Elèv

- (561) 350-0778
- MVPhomeless@palmbeachschools.org



Konklizyon

Kesyon?

- Tanpri konplete evalyasyon an avan w ale, mèsi pou prezans ou, patisipasyon w, ak kòmantè w.
- Tanpri kontakte Celena Rosello ak nenpòt kesyon w genyen nan 561 2020300, celena.rossello@palmbeachschools.org

Nou espere yon ane lekòl reyisi!

